



Konte Nassau Pwogram Èd Lwaye Pandan COVID-19

Apèsi Pwogram nan

Pwogram Èd Lwaye pandan COVID-19 nan Konte Nassau a fèt pou ede rezidan ki gen difikilte pou peye lwaye yo akòz pandemi COVID-19 la. Kòporasyon Devlopman Kominote Long Island ("CDC-LI") nan pral administre pwogram lan, sa ki pral kouvri jiska trwa (3) mwa lwaye ki pa peye depi avril 2020 pou fanmi ki pa touche plis pase 80% Revni Mwayen Zòn (AMI) lan. Peman pou èd lwaye yo pral fèt dirèkteman bay mèt pwopriyete oswa manadjè pwopriyete yo, se pa bay lokatè yo.

Finansman yo bay atravè pwogram federal Sibvansyon Global pou Devlopman Kominote pandan COVID-19 ("CDBG-CV") epi respekte kondisyon Depatman Lojman ak Devlopman Iben ("HUD") Etazini an te etabli sou kritè revni ak montan peman pou èd lwaye a.

Fason pou Aplike

- **Apati 6 janvye 2021**, ap gen yon "Fòm Ransèyman Inisyal" k ap disponib nan www.cdcli.org/. Y ap mande rezidan ki enterese yo pou soumèt fòm sa a pou otorize pèsònèl CDC-LI fè yon premye detèminasyon pou kalifikasyon. Se pa tout rezidan ki soumèt Fòm Ransèyman an ki pral kapab soumèt aplikasyon yo. Yon nimewo aleyatwa pral asiyen ak chak rezidan pou yon tiraj annapre pou asire gen jistis nan seleksyon aplikasyon yo pou finansman ki limite.

Kritè Kalifikasyon

Kandida/rezidan an dwe satisfè kritè ki endike anba la yo pou li kalifye pou pwogram sa a:

- Revni fanmi an dwe nan oswa pi ba pase "Limit Revni Modere" HUD a
- Dwe lwe yon kay oswa yon apatman nan Konte Nassau;
- Dwe soumèt yon akò kontra lwaye ki anvigè nan mas 2020 (oswa anvan) ki endike peman lwaye chak mwa ki egzije a;
- Dwe ajou nan peman lwaye yo rive jiska mas 2020;
- Dwe gen yon pèt revni ki demontre akòz COVID-19 la;
- Kandida yo ap gen pou ateste ke yo pa gen yon relasyon famiyal avèk mèt pwopriyete a; epi

- Kandida yo ap gen pou divilge ak sètifye nenpòt lòt finansman yo te resevwa pou ede avèk peman lwaye ki manke yo.

**Limit sou Revni Pwogram nan
Limit Revni Modere HUD a (80% AMI) Anvigè apati Avril 2020**

Kantite Moun ki nan Kay la	1	2	3	4	5	6	7	8
Revni Maksimòm	\$70,900	\$81,050	\$91,150	\$101,300	\$109,400	\$117,500	\$125,600	\$133,700

Peman yo bay lokatè ki kalifye yo p ap depase Valè Machann Lwaye a ke Depatman Lojman ak Devlopman Iben (HUD) Etazini te etabli. Valè Machann Lwaye chak mwa pou Nassau-Suffolk dapre gwosè inite a prezante anba a.

**Limit nan Peman Lwaye Pwogram nan
Valè Machann Lwaye HUD pou Konte Nassau/Suffolk Anvigè apati Avril 2020**

Kantite Chanm akouche	Efikasite	1	2	3	4	5	6
Valè Machann Lwaye	\$1,298	\$1,624	\$1,992	\$2,563	\$2,858	\$3,287	\$3,715

Ou Bezwen Èd?

Pou lòt kesyon, tanpri rele CDC-LI nan 1-800-375-1014 apati 6 janvyè 2021 pou ou jwenn èd. Pèsonèl la ap pare pou ede ou nan lang Anglè, Panyòl ak Kreyòl.

Si pou kèk rezon yon rezidan pa kapab soumèt Fòm Ransèyman an sou entènèt, pèsonèl CDC-LI a pral ede avèk soumisyon fòm lan. Dèske yon moun jwenn èd pèsonèl la avèk fòm ransèyman an, sa p ap fè kandida a gen plis chans pou yo rele li nan pwosesis tiraj la. Pwosesis aplikasyon an fèt atravè nimewo tiraj ke yo asiye pa aza epi nou rekòmande pou aplike sou entènèt nenpòt kote sa posib.

Se pou ou pasyan – moun ki lwe lòt/kandida a ap resevwa notifikasyon nan pwèn sa yo: (1) Nou te resevwa Fòm Ransèyman ou an; (2) Si nou te rele nimewo ou pou soumèt yon aplikasyon; (3) Pou sitiyasyon aplikasyon (fini oswa pa fini); (4) Si yo detèmine ou kalifye; epi (5) Konfimasyon peman bay mèt pwopriyete a.

Pou ede CDC-LI kominike byen ak yon fason efikas, tanpri asire ou gen yon adrès imèl ki kòrèk. Tcheke pou wè si imèl nou yo te ale nan mesaj endezirab (spam). Tanpri asire ou gen yon nimewo telefòn oswa liy fiks ki kòrèk pou nou ka kontakte ou. Yon lòt fwa ankò, tanpri rete pasyan.